

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana analisis jeung pedaran dina bab saméméhna, aya lima hal anu bisa dicindekkeun patali jeung kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar. Kalimah pananya nu kapanggih dina naskah aya 57 kalimah pananya. Lima hal nu baris dicindekkeun dumasar analisis data kalimah pananya nyaéta aya struktur kalimah pananya, wanda kalimah pananya, ma’na pragmatis kalimah pananya, tahapan pragmatis kalimah pananya, jeung prinsip kasopanan kalimah pananya.

*Kahiji*, struktur kalimah pananya dumasar kana analisis data, kapanggih aya opat pola utama (dasar) kalimah pananya sarta aya 23 subpola. Pola I boga subpola Ia nepi ka Ii, pola II boga subpola Iia nepi ka Iic, pola III boga subpola IIIa nepi ka IIII, jeung pola IV. Struktur kalimah pananya nu panglobana nyaéta struktur kalimah pananya pola IIg anu boga struktur Kal Pany = C – J – Ipany, sedengkeun aya sawatara subpola kalimah pananya nu wujudna ngan sakalimah pananya, saperti subpola Ia nu diwangun ku struktur Kal Pany = Kpany – J – C – Ipany.

*Kadua*, wanda kalimah pananya dumasar analisis data, kapanggih aya dua wanda kalimah pananya nyaéta interogatif total jeung interogatif parsial. Interogatif total eusina anu meredih dua alternatif jawaban, ku cara ngabenerkeun (enya atawa geus) sarta jawaban anu ngahenteukeun (teu, lain atawa acan), sedengkeun interogatif parsial eusina nanyakeun sacara gembleng dina situasi omongan tur mikabutuh jawaban nu sifatna arbitrer, nyaéta jawaban anu réa atawa manasuka. Wanda kalimah pananya panglobana sabada ditalungtik nyaéta interogatif parsial, kusabab eusi naskahna nu mikabutuh jawaban atawa dadaran nu réa.

*Katilu*, ma'na pragmatis kalimah pananya dumasar analisis, kapanggih aya 13 ma'na nyaéta ma'na kaayaan, waktu, ngantebkeun, tempat, rasa, kalakuan, sabab, cara, asal, golongan, jarak, babandingan, jeung ajén. Ma'na pragmatis panglobana nu kapanggih dumasar analisis nyaéta ma'na kalakuan nu eusina nanyakeun kalakuan atawa paripolah, sedengkeun ma'na pragmatis pangsaeutikna nu kapanggih sabada dianalisis nyaéta ma'na babandingan nu eusina nanyakeun sasaran jeung bébédaan.

*Kaopat*, tahapan pragmatis kalimah pananya dumasar analisis, kapanggih aya tilu tahapan, nyaéta tahapan hormat, tahapan wajar, jeung tahapan kasar. Tahapan pragmatis kalimah pananya panglobana nu kapanggih dumasar analisis data nyaéta tahapan pragmatis kasar atawa handap nu bahasa loma, kalimah pananya tahapan kasar eusina lolobana ngeunaan kaambek panyatur ka pamiarsa. Sedengkeun tahapan pang saeutikna nu kapanggih dina naskah nyaéta tahapan wajar atawa tahapan satata/sadarajat.

*Kalima*, prinsip kasopanan kalimah pananya dumasar analisis, kapanggih aya genep maksim nyaéta maksim kawijaksanaan, maksim katumarima, maksim pancocog, maksim kasimpati, maksim balabah, jeung maksim handap asor. Maksim kasopanan dina kalimah pananya nu panglobana kapanggih nyaéta maksim katumarima nu eusina meredih sangkan omongan panyatur ngurangan kauntungan keur dirina atawa loba ngarurugi karep. Sedengkeun maksim kasopanan dina kalimah pananya nu kapanggih pangsaeutikna nyaéta maksim balabah nu eusina meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan ngahormat jeung pamuji ka pamiarsa.

## 5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan téh ngahasilkeun pedaran ngeunaan struktur kalimah pananya, wanda, ma'na pragmatis, tahapan pragmatis, jeung prinsip kasopanan. Hasil tina panalungtikan bisa dipaké bahan ajar ngeunaan kabasaan hususna maca jeung nyarita dina basa Sunda, jaba di éta di paguron luhur bisa dipaké sumber bahan ajar mata kuliah kapragmatikan.

### 5.3 Saran

Sabada dilaksanakeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

*Kahiji*, dina ieu panalungtikan ngulik ngeunaan kalimah pananya nu aya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar. Pananglutikan kalimah pananya ngan kungsi ditalungtik dina naskah drama jeung novél, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan kalimah pananya dina karya sastra lianna nu dianggap mangpaat sarta penting ditalungtik, sangkan nambahan référénsi jeung jadi bahan atikan pikeun pamaca.

*Kadua*, ieu panalungtikan medar ngeunaan kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar nu ditalungtik maké ulikan struktur jeung pragmatik. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan kalimah pananya dina naskah “Tarung” ieu ngagunakeun pamarekan élmu séjénna sarta bisa dipatalikeun jeung pangajaran di sakola.